Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# Швейцарехь Германин векалтана хьалха нохчийн мухӀажаршкахьа митинг хӀоттийнера

Марсхьокху-бутт 19, 2026




Нохчийн мухӀажаршна тӀехӀуьттуш Швейцарин Бернехь хӀоттийна митинг, 2026-чу шеран марсхьокху-беттан 18-гӀа де

Швейцарин Берн гӀалахь марсхьокху-беттан 18-чохь митинг дӀайаьхьира Оьрсийчоьне дӀахьовсон кхерам лаьттачу нохчийн мухӀажаршна тӀехӀуттуш. Цигахь дакъалецира нохчийн диаспоран векалша а, бакъонашларйархоша: Швейцарера "Европан машаран цӀа" йукъараллин куьйгалхочо Гашаева Зайнапа а, PeaceWomen Across the Globe бакъоларйаран организацин Бельгерчу векало Газиева Фатимас а, Дунаева Розас а.

Тхан редакцига бакъонашларйархочо Дунаева Розас дийцарехь, митинган декъашхой гулбеллера Германин векалтана хьалха, цара тӀедожийра Алхазов

Муслиман а, ишта АбуевгӀеран а, МуртазовгӀеран а, ШахбиевгӀеран а, УмаровгӀеран, кхинболчийн а хьокъехь гӀуллакхаш бакъонца нийса листар.

Хьалхо хаамбора, уьш берриш а Нохчийчоьнан рожах бевдда баьхкина бу, нагахь санна, уьш Оьрсийчу йуха хьовсабахь, царна кхерам льатта бохуш. Дуьйцура, бертаза Украинана дуьхьал бечу тӀаме бахийта тарло, йа уьш леца а, царна тӀехь ницкъбан а мега бохуш. Амма Германин Ӏедалхошна тоаме ца хийтира цара чукхачийна тоьшаллаш, тховкӀело ца йаларна дуьхьал масех гӀуллакх Нохчийчуьра бахархоша къуьйсуш ду кхелашкахь.

- Алхазов Муслим (Мубарик) кест-кеста лачкъийна дӀавуьгура, цунна тӀехь Ӏазапаш а хьоьгура ницкъаллин структурийн белхахоша. Нохчийчохь ши тӀом боьдучу заманчохь Ичкерина гӀо латтийна аьлла, бехкевинера иза йуьхьанца. 2018-чу шарахь Алхазовна кхин керла бехк тӀебожийра, магийна йоцчу "Исламан пачхьалкхан" байракх цо эвлахь дӀатоьхнера аьлла. Масех де полицин декъехь даккхийтира цуьнга. Цига схьадалийнера цуьнан да-нана а, хӀусамнана Тазабаева Хьава а. ХӀусамнанна йиттина а хиллера, бакъо йоцуш чохь льацна а йитинера. Алхазовс бехк шена тӀелаьцначул тӀаьхьа, берриш а дӀахийцира.
- Цул тӀаьхьа доьзал Оьрсийчуьра дӀабахара Германи. 2022-чу шеран йуьххьехь Тазабаева Хьавас нахаладаькхира, Нохчийчохь шена тӀехь къизаллаш лелор. Цул тӀаьхьа цуьнан да, Тазабаев Рамзан, кадыровхоша лачкъийна дӀавигинера. Полицин декъере дарбанан цӀийне кхачийра иза, цигахь кхалхар а нисделира цуьнан.
- Оцу нахана тӀехь оццул Ӏазапаш хьегнашехь, царна кхерам а льатташехь, Германин Ӏедалхоша тховкӀело ца ло царна. Немцойн хьаькамашна хетарехь, шаьш бертаза Гуьмсера полицин декъехь латтийна хиларх тоьшаллаш дан ницкъ ца кхаьчна цу шиннан.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю